



Pou Piblikasyon Imedya: 08/07/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE EFÒ POU ANPECHE MINÈ BWÈ AK ANPECHE CHOFÈ YO SOU PANDAN KONSÈ ETE A

*Envestigatè Depatman Veyikil a Motè yo pral tcheke pou wè si gen fo idantite nan lokal konsè popilè yo*

*Efò pou aplikasyon lalwa yo ede ankouraje chwa ki pi sen pami jèn Nouyòkè yo epi ranfòse sekirite sou otowout yo*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke envestigatè Depatman Veyikil a Motè (Department of Motor Vehicles, DMV) eta yo ap mennen inisyativ pou aplikasyon lalwa pou anpeche yo sèvi ak fo idantite pou achte alkòl nan konsè ete yo. Yo rekonèt li kòm Operasyon Prevansyon, efò sa a gen ladan tou envestigatè ki soti nan Otorite Likè Eta a (State Liquor Authority, SLA), Lapolis Eta a, Polis Pak Eta (State Park Police) a, ak fòs lòd lokal yo. Pandan kanpay la, yo ap fè entèvansyon aplikasyon lwa nan sit yo atravè eta a.

"Wè mizik an dirèk se yon bél eksperyans, epi New York gen anpil bél sit atravè eta nou an, men mwen ankouraje tout moun pou yo selebre yon fason responsab",  
**Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou vle Nouyòkè yo jwi evènman sa yo san danje, epi efò ranfòsman sa a pral enpòtan anpil pou ede anpeche minè ki renmen ale nan konsè yo achte alkòl epi anpeche yo pran volan an."

Entèvansyon aplikasyon lwa Operasyon Prevansyon yo pral fèt nan Saratoga Performing Arts Center, Northwell Health nan Jones Beach Theater, Darien Lake Performing Arts Center, CMAC nan Canandaigua, ak Lakeview Amphitheater nan Syracuse, ansanm ak lòt lokal kote minè yo gen chans pou rasanble.

**Komisè Depatman Veyikil a Motè a ak Prezidan Komite Sekirite Sikilasyon**  
**Gouvènè a, Mark J.F. Schroeder, te deklare,** "Envestigatè nou yo se ekspè nan detekte fo idantite. Li ka sanble reyalis pou ou, men yo konnen ki jan pou yo wè siy revelatè yo nan yon dokiman ki gen fwod. Nou p ap eseye gache plezi pèsonn. Nou ap eseye kenbe tout moun an sekirite."

**Vincent Bradley, ki se Prezidan Otorite Alkòl Eta, te deklare,** "Pliske lè minè sa mennen nan konpòtman ensousyan ki ka lakòz konsekans danjere epi ki dire pou tout

lavi, SLA a rete angaje nan travay ak patnè nou yo nan DMV a ak nan fòs lòd lokal yo pou retire alkòl nan men jèn minè yo. Lè nou travay an kolaborasyon, nou ka dekouraje alafwa biznis yo pou yo vann bay minè ansanm ak jèn Nouyòkè k ap eseye achte alkòl lè yo sèvi avèk fo idantite."

**Sirentandan Lapolis Eta New York Ia, Kevin P. Bruen, te deklare**, "Nou pa pral tolere konsomasyon alkòl ak itilizasyon fo idantite pa minè yo. Sekirite se priyorite prensipal nou, epi Lapolis Eta New York pral travay ak dilijans pou dekouraje, detekte ak arete itilizatè minè yo. Mwen vle remèsyé patnè nou yo pou angajman pataje yo nan mete yon fen nan konsomasyon alkòl pou minè yo ak enpak trajik ke li ka genyen."

**Komisè Biwo Sèvis ak Sipò pou Depandans NYS Ia, Chinazo Cunningham, te deklare**, "Konsomasyon alkòl pa jèn ak jèn adilt yo ka gen efè negatif sou sante mantal ak fizik yo, ak kapasite yo pou yo pran desizyon ki an sekirite. Nan sa ki gen pou wè ak itilizasyon alkòl pa minè, paran ak lòt adilt k ap pran swen yo se enfliyans ki pi enpòtan. Fè yon plan ansam pou ede fanmi ou selebre ete a an sekirite."

Kliyan ki gen mwens ke 21 ane ke yo jwenn k ap itilize fo kat idantite oswa idantite lòt moun pou achte alkòl ka jwenn yon kontravansyon epi yo ka anile lisans yo pou yon minimòm 90 jou oswa rive jiska yon ane.

Se Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè (Governor's Traffic Safety Committee) a ki sipòte Operasyon Prevansyon yo. Komite a kowòdone aktivite sekirite sikilasyon nan New York, epi bay ajans lokal yo, ajans eta yo ak ajans ki pa gen bi fè pwofit yo fon sibvansyon federal pou sekirite otowout pou pwojè amelyorasyon sekirite otowout ak rediksyon ka lanmò a blesi grav poutèt aksidan.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418